

Rakonte patisipasyon ou, mwen va di ou ki kalite moun ou ye ! Mwen va menm di ou nan ki vil ou ap viv

Bénédiq Paul

Patisipasyon moun nan afè peyi yo se afè tout bon sitwayen. Alaverite, pou yon moun aji tankou yon bon sitwayen, se pa politik senpman ki pou enterese li. Li dwe gen yon ajisman pozitif sou plan ekonomik. Moun sa a dwe patisipe nan devlopman byennèt pou tout moun. Sou plan politik, yon bon sitwayen se yon moun ki patisipe obligatwaman nan yon òganizasyon politik, ki rele Leta, epi nan òganizasyon politik sa a, genyen dwa ak devwa politik. Nan sa nou rele enstitisyon ekonomik lan, oubyen sou yon plan lajman laj sosyoloji ekonomik, dwa ak devwa sitwayen yo se enstitisyon (sa vle di règleman) ki garanti yon klima entèraksyon ki ap toujou la. Kalite sitwayen sa yo pa gen dwa kite li tounen yon Leta (tyès ki tounen enstitisyon an nan fason Pierre Legendre wè li a), kote enterè sitwayen yo ap pran brimad, oubyen kote pa gen anyen ki fèt pou byennèt popilasyon an. Anfèt, vrè sitwayen an, se moun ki anndan yon estrikti sosyal, sa vle di, yon moun ki antre anndan divès enstitisyon nan yon sosyete kèlkonk, yon fason pou li fè pati travay ki ap fèt pou mennen tout moun nan direksyon pwogrè a.

Patisipasyon moun nan avansman peyi yo fè yon sèl avèk sa nou kab rele lespri kolektif la. Li sòti nan yon aprantisay ki kòmanse depi lè yon timoun tou piti. Se sa ki fè nou pale de sosyalizasyon. Epi tou, se sistèm edikasyon an (se la mo enstititè a soti) epi Leta (nan fonksyon li genyen pou li mete lòd) ki pou pran misyon sosyalizasyon an sou responsablite li, sa vle di, pran yon moun nan estad endividi pou mennen li nan nivo yon bon sitwayen. Leta ki sou teritwa a, apati kontak li avèk popilasyon an, dwe kontinye kalite aprantisay sa a pou lavi diran.

Soti nan kategori endividi pou rive nan yon bon sitwayen, genyen enstitisyon yo, ki vle di pou nou, dwa ak responsablite. Pou yon moun genyen tout juisans sa yo (dwa ak responsablite), li pa kab rete chita san li pa fè anyen. Se sa ki mennen yon patisipasyon aktif. Patisipasyon aktif sa a kab ale nan plizyè direksyon. An premye, se yon patisipasyon sosyal. Poutan, nan peyi Ayiti, valè sosyal yo ap depafini nan avantaj yon kapitalis

anraje ki soti nan peyi oksidantal yo san pa genyen estrikti pou yo, yon pwogrè sosyal mande angajman chak bon sitwayen, men inegalite yo bay repiyans epi lamizè fè moun viv kou bèt. Lè tyès ki tounen enstitisyon an pa ranpli fonksyon li, apati yon demokrasi total kapital, se bon sitwayen yo ki pou pran pouvwa a yon fason pou pwogrè a ka toujou kontinye viv.

Patisipasyon yon moun nan avansman sosyete li, pran dabò yon fòm ekonomik avan pou li rantre nan politik. Alaverite, pa kab genyen libète lè gen povrete, sa se pawòl Amartya Sen ki genyen yon Pri Nobèl. Nou dakò avèk Jacques Senécal¹ lè li di : «Lè nou ap viv anndan yon sistèm demokratik, patisipasyon nou, se yon fason pou nou fè wè fòs nou ». Epi tou «lè nou ap fè wè fòs nou », sa dwe fèt an gwoup tankou lè se yon grenn moun. Paske, lè enstitisyon yo pa kab garanti libète (ekonomik, sosyal epi politik), tout moun vin genyen yon dwa ki sakre, apatide sa, yon devwa pou yo reklame kòm jwisans, yon byennèt, menm si se yon byennèt ki tou piti.

Nan peyi ki ap devlope yo, tankou Ayiti, patisipasyon moun tonbe sou zèpòl yon sèl moun, yo konsidere tankou yon bondye, ki vin tounen yon lidè karismatik, ki aji kou bourik zòrèy koupe. Poutan, nan peyi devlope yo, moun yo eli yo, epi moun ki ap gouvène yo, nan kèlkeswa nivo a, yo travay pou kontribye nan byennèt tout moun. Se sou moun sa yo, yo konte finasyèman. Nou pa ta vle kwè sa, men, se nan menm peyi sa yo popilasyon yo plis angaje yo nan amelyorasyon byennèt sosyete a. Sa ki rete klè, patisipasyon moun nan peyi a, se yon responsablite pou chak grenn moun, epi sa pa transferab. Kalite patisipasyon sa a kòmanse lè moun yo konnen pou yo pran responsablite yo kòm sadwa, epi li rapousuiv avèk aksyon espesifik moun yo antrepran chak jou nan lavi yo.

1. Senécal, J. (2011). *Le bonheur philosophe, de Pythagore à Al Gore*, Montréal, Liber.

Pou nou fini, nan yon Repiblik, vrè dwa piblik la soti, yonn aprè lòt, nan dwa orijinal tankou : dwa Leta, dwa moun, dwa yon sitwayen, dwa pèp la [1]. Konsa, bivize nou, nan papòt nimewo revi espesyal sa a, se fè lektè yo sonje yon moun, ki dwa sitwayen, genyen obligasyon pou li kontribye dirèkteman, selon kapasite li, men san fè parese, nan devlopman nasyon an. Sa se yon responsablite. Epi tou, « nou kab delege yon pouvwa,

men nou pa dwe janm delege responsablite nou ». Dwa Leta pa dwe antere dwa sitwayen yo ki ba li ekzistans li. Epi tou, si nou wè salte devan kay nou, se pa Leta senpman ki pa fè travay li, men se paske nou pa pran responsablite nou kòm sitwayen ! ■

BIBLIOGRAPHIE

1. KRIEGEL, B. (1998). *Philosophie de la République*, Paris, Plon.

